



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO TE VOYE YON LÈT BAY ENSPEKTÈ JENERAL PA ENTERIM
NAN DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ A POU MENNEN ANKÈT SOU KONDWIT
ICE**

Gouvènè Cuomo: “ICE te fòmè konfòmeman a Lwa sou Sekirite Enteryè a apre atak 11 Septanm yo, epi li te gen responsabilite pou pwoteje sekirite nasyonal ak sekirite piblik. Li klè ke ICE te devye byen lwen de misyon li.”

Gouvènè Andrew M. Cuomo [te voye yon lèt](#) jodi a bay Enspektè Jeneral Pa Enterim nan Depatman Sekirite Enteryè an (Department of Homeland Security) John Kelly pou mande yo mennen yon ankèt sou kondwit ajan Kontwòl Imigrasyon ak Dwanye yo (Immigration and Customs Enforcement, ICE). Lèt lan, ki rive apre [arestasyon Pablo Villavicencio](#) pandan ke li t'ap livre pizza nan Fort Hamilton, souliye divès enkyetid grav ki di ke ICE ap vyole dwa konstitisyonèl epi vize moun baze sou etnisite yo.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

8 Jen 2018

John V. Kelly
Enspektè Jeneral Pa Enterim nan Depatman Sekirite Enteryè an
Depatman Sekirite Enteryè Etazini
245 Murray Lane SW
Washington, DC 20528-0305

Chè Enspektè Jeneral Pa Enterim Kelly,

Aksyon ranfòsman ke ajan Kontwòl Imigrasyon ak Dwanye yo ap poze yo leve enkyetid legal ak sekirite piblik konsiderab. Kòm yon konsekans taktik ICE yo, yo aktyèlman ap vilipande epi fè pwofil kominote imigran yo - isit la nan New York, nou wè tout enpak reyèl ke laperèz ap genyen sou fanmi ak tou kominote yo okonplè. Plizyè ane de sa, mwen te sipòte yon ankèt endepandan sou pwogram Sekirize Kominote (Secure Communities) federal lan paske li te sanble ke li pa t'ap sèvi objektif li te genyen an pou “depòte gwo kriminel yo”. ICE te fòmè konfòmeman a Lwa sou Sekirite Enteryè a (Homeland Security Act) apre atak 11 Septanm yo, epi li te gen responsabilite pou pwoteje sekirite nasyonal ak sekirite piblik. Li klè ke ICE te devye byen lwen de misyon li.

Jodi a, mwen ap ekri pou mande ke biwo ou an lanse yon ankèt sou kondwit ajan ICE yo pou asire ke y'ap obeyi règleman lalwa yo.

Ensidan wo pwofil resan yo te klere limyè sou malonète ak, nan anpil ka, taktik ilegal ke ICE te itilize yo. Nan dat 1 Jen, Pablo Villavicencio, yon papa ak mari emab ki pa gen rejis kriminel, te arete pa ICE pandan ke li t'ap fè travay li nan livrezon pizza nan Fort Hamilton ki nan Vil New York. Arestasyon ak enkaserasyon li sanble se yon rezilta de pwofilaj etnik epi li pa fè anyen pou fè kominote nou yo vin pi sekirize. Arestasyon yon moun ki ap travay di, separe yon papa ak pitit li yo epi separe fanmi yo sa p'ap fè Amerik vin pi sekirize.

Separeman, nan dat 18 Avril, ICE te vyole dwa konstitisyonèl pwopriyete fèm John Collins nan Rome, New York lè yo te antre sou pwopriyete li pou arete yonn nan travayè fèm li yo. Ajans yo pa't gen yon manda pou antre sou pwopriyete Mesye Collins lan, yo pa't idantifye tèt yo oswa objektif prezans yo, epi, lè Mesye Collins te apwoche ajan yo pou detèmine sa ki t'ap pase a epi anrejistre sa ki t'ap pase an, yo te minote li epi yo te menase arete li. Apre ensidan sa, mwen te voye yon lèt sesasyon ak abtansyon bay ICE pou mande arè imedya mezi ranfòsman ensousyan ak enkonstitisyonèl yo ap komèt yo, epi nou ap kontinye siveye de prè aktivite ICE yo nan Eta New York epi yo prepare pou pran mezi legal.

Sa yo se jis de (2) pami pakèt ka ki te gaye laperèz pami kominote imigran yo atravè eta nou an epi ki te twouble konsyans tout moun New York yo. Administrasyon mwen an te resevwa divès konsiderasyon kondwit dirèk ki te leve enkyetid grav pou di ke ICE ap vyole dwa konstitisyonèl yo epi vize moun baze sou etnisite yo.

New York pa pral chita sou kote pandan ke kominote imigran nou yo menase. Nou te konteste kondwit ICE anvan sa. An 2011, nou te mete fen nan patisipasyon nou nan pwogram Sekirize Kominote yo epi nou te sipòte yon ankèt endepandan pou mennen ankèt sou pwogram ki te echwe a apre rapò ki te montre ke yo t'ap abize de li epi li te poze yon danje pou kontwòl kominite ak sekirite piblik.

Ane pase, apre atak ak ostilite ICE ki deplizanpli agresif anvè imigran yo, nou te lanse Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project), fon defans legal piblik-prive ke Eta a dirije epi ki se premye nan nasyon an pou asire ke tout imigran yo, kèlkeswa sitiyaasyon yo, gen aksè a bon jan kalite konseye legal. An patenarya ak antrepriz sèvis legal san bi likratif ki ap mennen yo, pwojè a te bay plis pase 10,000 sèvis pou imigran yo atravè Eta New York epi li te ofri Mesye Villavicencio ak fanmi li sipò pou pwoteje dwa li yo. An plis, konsideran enkyetid mwen yo sou kondwit ajan ou yo nan Eta a ak risk ke kondwit sa poze pou sekirite piblik, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif 170.1 lan, ki entèdi kontwòl imigrasyon sivil nan etablisman leta yo amwens ke gen yon manda jidisyèl.

Patèn kondwit ke ajan ICE yo te demontre sa montre mepri ensousyan pou Konstitisyon an epi li ale alankont misyon ke ajans lan te genyen menm jan ak lwa federal ak eta a. Mwen mande biwo ou a pou li imedyatman mennen ankèt sou taktik ICE yo epi asire ke yo ap pwoteje dwa moun New York yo.

Sensè Salitasyon,
Andrew M. Cuomo

CC:

Prezidan Donald J. Trump
Lidè Minorite Sena a Charles E. Schumer
Senatè Kirsten E. Gillibrand

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)